Eske se pou w rapòte lè gen chanjman lakay la? Si pitit ou ap resevwa manje gratis oubyen manje a pri ki pi ba a kòz de lajan ou fè, se pou w avize nou si gen youn rediksyon nan kay la, oubyen si lajan w ogmante plis ke $50 pa mwa oubyen $600 pa ane. Si pitit ou ap manje gratis paske kay ou ap revewa Koupon manje, TANF, oubyen benefis nan men FDPIR. Se pou w fè nou konnen lè ou sispann resevwa benefis sa yo.

Eske Enfòmasyon ki nan Fòm lan ap rete sekrè? N'ap sèvi ak enfòmasyon ki nan fòm lan pou nou k'ap deside si pitit ou kalifye pou resevwa manje gratis osnon a pri redwi. Nou k'ap enfòme ofisyèl ki konekte ak lòt pwogran tankou nitrisyon pou timoun, sante ak edikasyon sou enfòmasyon ou mete nan fòm lan. Sa va pèmèt yo detèmine benefis, alokasyon lajan e evalyasyon pwogram yo.

Eske m kapab aplike nenpòt ki lè pou manje gratis oubyen a pri redwi? Ou k'ap aplike pou manje gratis a pri ki pi ba nempòt ki lè diran lane lekòl la. Si ou pa elijib koulyè ya, men ou genyen youn chanjman, tankou rediksyon nan lajan w, osnon ogmantasyon nan kantite moun k'ap viv nan kay la, ou vin p'ap travay e ou gen Koupon manje, TANF oubyen benefis nan men FDPIR, se pou w konplete youn fòm.

N'ap fò w konnen si ou apwouve ou rejete.

Salitasyon,